

## BAB I

### 1.1 Kasang Tukang

Ajén kabudayaan, salasihiji pondasi bangsa pikeun numuwuhkeun rasa nasionalisme jeung mikacinta lemah cai. Ieu ajén kabudayaan téh baris dibutuhkeun dina kahirupan global. Dumasar kaayaan, mekarna budaya global jadi salasihiji pangaruh pikeun ajén-ajén kabangsaan. Contona, mangaruhan kana pola hirup, ideologi, jeung kabudayaan di masarakat. Lian ti éta, bangsa Indonésia can mampuh ngalarapkeun tur miboga hiji sistem anu tatapakanna ajén kabudayaan. Kabuktian, sistem atikan nu aya di tiap sakola leuwih ngawanohkeun siswa kana kabudayaan Barat, tibatan kabudayaan warisan karuhunna (Rosidi, 2011:43).

Sangkan ieu sistem lumangsung, paguron luhur di Indonésia perlu mekarkeun kaunggulanna dumasar kana ajén-ajén kabudayaan nu bisa jadi eunteung keur generasi bangsa, sarta dijadikeun tatapakan hirup di jaman modern. Ku kituna, dibutuhkeun *literasi*, répérénsi atawa dokuméntasi dina wangun tinulis. Luyu jeung nu diébréhkeun ku Sumardjo (2015:13), yén sajarah kamekaran ajén-ajén lokal teu karékam dina wangun tinulis pikeun pangaweruh generasi kiwari.

Kabudayaan lokal dina wangun kalisanan masih kénéh réa nu sumebar di unggal désa (Sumardjo, 2015:13). Salasihijina nya éta dongéng, nu mangrupa nalar manusa harita pikeun ngébréhkeun konsép-konsép kultur ngaliwatan imajinasi. Eusina bisa pituduh, papatah, hiburan, jeung sajabana. Fungsi dongéng dina kahirupan masarakat, salasihijina nya éta ngadéskripsikeun pénoména lingkungan, sosial, ékologi, atawa géologis.

Dongéng-dongéng nu sumebar di unggal daérah miboga ciri jeung jembar vérsi caritana, najan kitu aya ogé dongéng nu sarua dina tiap unsur caritana. Salasihiji contona dongéng "Sangkuriang" nu sumebar di Jawa Barat nu miboga sababaraha vérsi, dumasar kana kaayaan di daérahna (Rosidi, 2009:19).

Dumasar kana pedaran di luhur, pikeun maluruh ajén-ajén budaya dina wangun kalisananan, salasihiji tarékahna nya éta nalungtik dongéng-dongéng nu masih kénéh sumebar di daérah. Anggapan panalungtik, dongéng nu sumebar di salasihiji daérah miboga ciri jeung mangrupa gambaran tina kabudayaanna. Nurutkeun Sumardjo (2015:17), pikeun mikawanoh identitas budaya masarakat Sunda diperlukeun dokuméntasi jeung préservasi tina barang-barang budayana (dongéng), tuluy ditafsirkeun ma'nana dumasar kamandang masarakat Sunda kiwari.

Dina ieu panalungtikan, daérah anu dijadikeun tempat pikeun panalungtikan nya éta tutugan gunung Ciremai Kabupaten Kuningan. Ditempo tina kaayaan daérahna, panalungtik miboga anggapan yén di tutugan Gunung Ciremai, masarakatna miboga ciri dina hal kabudayaanna. Lian ti mikawonah kana ajén-ajén budaya nu nyangkaruk dina dongéng, ieu hasil panalungtikan bisa dimangpaatkeun ku guru jeung siswa pikeun répérénsi atawa alternatif bahan ajar nu luyu jeung matéri ajar di SMA, hususna sakola SMA di Kabupaten Kuningan.

Umumna, dina nepikeun matéri ajar maca dongéng di sakola, guru masih kénéh ngagunakeun bahan ajar nu geus aya dina buku pakét. Antukna, dongéng-dongéng nu sumebar di daérahna teu kadokuméntasikeun jeung kurang dipikawanoh ku siwa salaku generasi anyar.

Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun ku guru nalika milih bahan pangajaran maca dongéng, nya éta, (1) unggal daérah miboga kultur sorangan, miboga identitas séwang-séwang, (2) siswa miboga hak keur apal kana sastra atawa budaya di daérahna, (3) guru kudu miboga konsép jeung jembar dina nepikeun bahan pangajaran, (4) konsép mekarkeun *local wisdom* dimimitian ti unggal daérah séwang-séwang.

Ieu panalungtikan kungsi sababaraha kali dilakukeun ku panalungtik saméméhna, hususna sastra lisan (dongéng) di Jawa Barat, boh dina basa Indonésia boh basa Sunda. Sumber data panalungtikanna tina dongéng nu geus dibukukeun sarta tina dongéng nu masih sumebar di unggal daérah. Di antarana; "Sastra Lisan anu

Aya di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupaten Ciamis (Ulikan Struktur jeung Ajén Atikan)" ku Evi Sulastri (2013). "Nilai Budaya dan Konteks Cerita Rakyat Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupten Ciamis (Model Pelestarian Nilai Budaya Untuk Masyarakat Panjalu)" ku Tiolintan Simanungkalit (2000). "Aspek Didaktis dalam Teks Cerita Sastra Lisan di Kabupaten Sumedang." Ku Yeti Setianingsih Spk. (2015) jeung "Ajén-Inajén Étnopédagogik dina Dongéng di Kota Tasikmalaya (Ulikan Struktural jeung Hermeneutik") ku Wiwin Widaniawati (2011)

Dumasar sababaraha kamandang di luhur, yén dongéng-dongéng nu sumebar di unggal daérah masih kénéh réa jeung can kadokuméntasikeun, ku kituna dongéng-dongéng téh ditalungtik. Tempat nu dipilihna wewengkon kabupaten Kuningan. Leuwih museurna di tutugan gunung Ciremai, pikeun maluruh datana. Satuluyana, ieu panalungtikan dijudulan: "Dongéng-dongéng di Tutugan Gunung Ciremai Kabupaten Kuningan pikeun Bahan Ajar Maca Dongéng di SMA".

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan sangkan teu nimbulkeun salah tafsir. Ieu panalungtikan museur kana dongéng nu sumebar di tutugan Gunung Ciremai wilayah kabupatén Kuningan. Lian ti éta dongéng téh dianalisis maké struktural Lévi Strauss anu ngawengku struktur luar jeung struktur jero, ngulik ajén étnopédagogik nu nyangkaruk dina dongéng-dongéng nu sumebar di tutugan Gunung Ciremai Kabupaten Kuningan, tuluy diimplementasikeun kana bahan ajar maca dongéng di SMA.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Sanggeus diwatesanan, panalungtik ngarumuskeun masalah dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Dongéng-dongéng naon waé nu sumebar di tutugan Gunung Ciremai Kabupaten Kuningan?
- 2) Kumaha struktur dongéng-dongéng nu sumebar di tutugan gunung Ciremai Kabupaten Kuningan?
- 3) Ajén étnopédagogik naon waé nu nyangkaruk dina dongéng-dongéng nu sumebar di tutugan gunung Ciremai Kabupaten Kuningan?
- 4) Kumaha alternatif bahan ajar maca dongéng di SMA?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan, nya éta maluruh dongéng-dongéng nu sumebar di tutugan gunung Ciremai kabupaten Kuningan. Ieu hasil panalungtikan pikeun ngeuyeuban pangaweruh panalungtik jeung nu maca dina widang sastra lisan, hususna dongéng nu sumebar di tutugan gunung Ciremai wilayah kabupaten Kuningan.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) struktur dongéng nu sumebar di tutugan Gunung Ciremai Kabupaten Kuningan;
- 2) ajén étnopédagogik tina dongéng nu sumebar di tutugan Gunung Ciremai Kabupaten Kuningan;
- 3) nambahan alternatif bahan ajar maca dongéng di SMA.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

- 1) Pikeun mikawanoh tur nambahan pangaweruh tina dongéng nu sumebar di tutugan Gunung Ciremai Kabupaten Kuningan.
- 2) Pikeun nambahan hasanah sastra lisan, hususna dongéng.

**AJI NURHAMZAH, 2017**

***DONGÉNG-DONGÉNG DI TUTUGAN GUNUNG CIREMAI  
KABUPATEN KUNINGAN***

***PIKEUN BAHAN AJAR MACA DONGÉNG DI SMA***

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Pikeun nambahan répérénsi ngeunaan ajén-ajén etnopédagogi tina konsép-konsép *local wisdom* nu nyangkaruk dina dongéng nu sumebar di tutugan gunung Ciremai Kabupaten Kuningan.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Dipiharep, ieu panalungtikan miboga mangpaatna pikeun;

- 1) Numuwuhkeun kasadaran masarakat kana pentingna ajén-ajén nu nyangkaruk dina konsép *local wisdom*.
- 2) Miharep, *local wisdom* atawa kaaripan lokal dijadikeun hiji kawijakan ku pamaréntah keur dipulasara tur penting pikeun numuwuhkeun kasadaran mikacinta lemah cai.
- 3) Nambahan alternatif bahan ajar maca dongéng di SMA.
- 4) Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun dokuméntasi dina wangun tinulis ngeunaan karya sastra lisan (dongéng) Sunda nu aya di tutugan Gunung Ciremai Kabupaten Kuningan.

#### **1.4.3 Mangpaat Isu sarta Aksi Sosial**

- 1) Méré dadaran ngeunaan dongéng pikeun masarakat.
- 2) Nambahan informasi ngeunaan sastra lisan ka masarakat.
- 3) Nambahan informasi ngeunaan ajén étnopédagogik pikeun masarakat
- 4) Nambahan alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMA.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu tésis, disusun jadi lima bab. Bab I eusina mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan. Bab II eusina raraga tiori patalina dongéng, struktural, ajén étnopédagogik, jeung bahan pangajaran maca dongéng. Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan. Bab IV ngadéskripsikeun hasil

panalungtikan. Eusina ngawengku analisis struktur, ajén étnopédagogik jeung nyieun rékoméndasi alternatif bahan pangajaran maca dongéng. Bab V kacindekan jeung rékoméndasi.